*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 33 (25519)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 26 феврал — æртхъиræны мæйы 26 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ПАТРИОТОН ХЪОМЫЛАД — *Ныхас — фæсивæдимæ*

**3** ЮБИЛЕЙ — *Удварны бæрæгбон*

**4** АУДЫНАД — *Гуманитарон æххуыс — лыгъд адæмæн*

**Нысантæ**

## Боны фæткы — Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон райрæзты фидæн

**Ацы бонты Цæгат Ирыстоны кусæг балцы уыдысты Мæскуыйы паддзахадон университеты Стратегион раиртæстыты центры минæвæрттæ. Центры разамонæг Владимир КВИНТ разамынд цы делегацийæн лæвæрдта, уый уæнгтимæ фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



Кусæг фембæлды архайджытæ æрдзырдтой Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон райрæзты стратегийы уагæвæрдтæ фæбæстондæр кæныныл, стæй æндæр ахсджиаг фарстатыл.

Уæрæсейы наукон-ахуырадон кусæндæтты цы стратегион раиртæстыты центртæ кусы, уыдонæн сæ раззагдæр у, Владимир Квинт разамынд кæмæн дæтты, уыцы структурæ. Профессор Квинты разамындæй арæзт æрцыдысты æмæ æххæстгонд цæуынц Бетъырбухы, Кемеровы облæсты, Приволжьейы æмæ Дардхурыскæсæйнаг федералон зылдты социалон-экономикон райрæзты программæтæ. Центры специалисттæ ахæм программæтæ цæттæ кæнынц иуæйиу фæсарæйнаг бæстæтæн дæр.

Цæгат Ирыстонмæ центры минæвæртты фæхуыдтой, цæмæй уыдон фæногдæр кæной РЦИ-Аланийы социалон-экономикон райрæзты стратегийы уагæвæрдтæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй уæлдæр амынд документ фидаргонд æрцыд 2019 азы. Йæ уагæвæрдты куыст цæудзæн 2030 азы онг. Уыимæ, стратегийы бæлвырд фыст æрцыдысты республикæйы дарддæры социалон-экономикон райрæзты нысантæ промышленносты, агропромышленнон комплексы, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады, энергетикон комплексы, социалон хъахъхъæнынады, ахуырады, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ иннæ къабæзты.

Æмæ ныр фембæлды архайджытæ бæстон æрдзырдтой стратегимæ бахæссинаг уæлæфтуантæ æмæ ивддзинæдтыл. Специалистты ныхасмæ гæсгæ, уыцы ногдзинæдты нысан у фæахадгæдæр æмæ фæхъомысджындæр кæнын стратегийы уагæвæрдтæ.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Къамисы æмбырд**

## Сывæллæтты сæрдыгон фæлладуадзынмæ — фылдæр æргом

**Уыдис сывæллæттæ æмæ æнахъомты сæрдыгон фæлладуадзын, дзæбæх кæныны æмæ сын куысты бынæттæ аразыны фарстатыл дзуапдæттæг ведомствæты ’хсæн къамисы æмбырд. Амыдта йæ РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг ТУГЪАНАТЫ Ларисæ.**

Вице-премьер куыд бафиппайдта, афтæмæй, паддзахады 'рдыгæй социалон æгъдауæй уæлдай цæстдард чи домы, кæстæртæ хъомылгæнæг уыцы бинонты сывæллæттæн фæлладуадзынæн, се 'нæниздзинад фидардæр кæнынæн уавæртæ аразын, куысты бынæттæ сын дæттын — нæ республикæйы разамындæн уый у социалон политикæйы ахсджиагдæр фæзилæнтæй иу.

Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** куыд раныхас кодта, афтæмæй ацы аз сывæллæтты сæрдыгон фæлладуадзынæн республикон бюджетæй хъуамæ лæвæрд æрцæуа 184 265 960 сомы. Уыцы æхцатæ, фыццаджыдæр, хардзгонд цæудзысты, сæрдыгон фæлладуадзæн рæстæг уæлæмхасæн ахуырады кусæндæтты æмæ муниципалон ахуыргæнæндæтты боныгон лагерты чи уыдзæн, уыцы сывæллæтты хæлцадыл.

— Ацы аз сæрдыгон дзæбæхгæнæн кампани арæзт æрцæудзæн цыппар радæй, иу рад — 21 боны. Уыцы кампани æдæппæт аххæсдзæн 3228 сывæллоныл, — загъта министр.

Тугъанаты Ларисæ куыд бафиппайдта, афтæмæй сывæллæтты сæрдыгон фæлладуадзын арвитыны пъланмæ, чи зоны, æмæ хаст цæуа ивддзинæдтæ, Украинæйы сæвзæргæ уавæрмæ гæсгæ, Донецк æмæ Луганскы адæмон республикæтæй æрцæуæг адæмы Цæгат Ирыстон кæй суазæг кæндзæн, уый нымайгæйæ.

— Донбассы йæ хæдзæрттæ ныууадзын кæй бахъуыд, уыцы адæмæн, æнæмæнг, баххуыс кæндзыстæм, фæлæ уымæй сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъд нæ бакъуылымпы уыдзæн ницы хуызы, — загъта Тугъанаты Ларисæ.

Уымæй уæлдай, æмбырды ныхас цыд, сæрдыгон лагертæ, фæлладуадзæн бынæттæ æмæ дзæбæхгæнæндæттæ санитарон-эпидемиологон уагæвæрдтæн æмæ зынгсирвæзтытæй бахъахъхъæныны домæнтæн дзуапп куыд дæттынц, ууыл дæр. Уыцы домæнтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æххæстгæнинаг сты æппæты фыццаг.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Парламентæй**

## Равзæрстой æмæ сфидар кодтой закъонты проекттæ

**"Паддзахадон бынæттæ ахсæг адæмы иу хайæн сæ мызд баззад æппынкъаддæры бæрцыл. Нæ республикæйы Сæргълæууæг рахаста уынаффæ, уымæ гæсгæ сын сæ мыздыл хъуамæ бафтауæм. Нæ закъонтæ хъуамæ сæмхуызон кæнæм федералон акттимæ", — знон Парламенты æмбырды лæмбынæг байхъуыстой республикæйы минæвар Парламенты ОРТАБАЙТЫ Виктормæ.**

**Æмбырд амыдта Парламенты Сæрдар Алексей МАЧНЕВ.**



Республикон закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй уыд йæ ныхас закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Ортабайты Тимурæн**. Хъуамæ ивддзинæдтæ фæзыной хицæн барадхæлдтыты тыххæй закъоны. Хъуыддаг баст у цæрæгойтæм æмбæлгæ цæстæй кæсынимæ. Депутат **Хъамболты Дзамболат** куыд радзырдта, афтæмæй Уæрæсейы 21 регионы æнæхæдзар куыйтæн нæй æрæлууæн бынæттæ. Федералон бюджет уый тыххæй регионтæн æхца не 'рвиты.

Иннæтæ цавæрдæр мадзæлтты фæрцы аразынц, зындзинæдтæ тынг бирæ æййафынц. Æнæхæдзар куыйтæ уынгты кæй зилынц, бирæгæйттæй кæй сæмбырд вæййынц, адæммæ кæй лæбурынц, уыдæтты тыххæй дзурын дæр нал хъæуы. "Цæуылнæ сразы стæм федералон закъонимæ, ома, æнæхæдзар куыдзы бафынæй кæнгæйæ йæ цардæй ахицæн кæнæн ис. Цæмæй сæ ветеринарон клиникæты ссыгъдæг кæной, уый аргъ дæр 8-10 мин соммæ схæццæ. Куыд нын кæнгæ у? Паддзахад нæдæр йæ адæмæн нæу, нæдæр йæ куыйтæн", — загъта Хъамболы-фырт.

Алыхуызон бæрнон адæймæгтæм цас фыстæджытæ арвыстой, уый тыххæй дæр радзырдта, фæлæ сæ ныронг дзуапп нæ райстой. Нæ республикæйы дæр æнæхæдзар куыйтæ балæбурынц адæммæ, фæхæцынц сыл. Хъуамæ цавæрдæр хуызæнæн уынаффæ хаст æрцæуа.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Мæздæджы районæй**

## Æвзонг æфсæддонтæ систы

**200 мæздæггаг скъоладзауы бæрц бацыдысты Скъоладзауты æппæтуæрæсеон змæлд "Юнармия"-мæ.**

Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны кадæн сарæзтой æвзонг æфсæддонты иумæйаг æмбырд.



— Рæзгæ фæлтæр нæ бæстæйæ цæмæй сæрыстыр уой, нæ хæс у ууыл архайын. Уымæй уæлдай, фæсивæд сæ райгуырæн бæстæйæн цæмæй удуæлдайæ лæггад кæной, ууыл сæ сахуыр кæнын æмбæлы. Ахæм уагæй нæ фæсивæды кæд хъомыл кæнæм, уæд нæ бæстæ æнæкъуыхцыйæ рæздзæн, — загъта арæнхъахъхъæнæг службæйы дæлбулкъон **Андрей Ожгибисов.**

Æвзонг æфсæддонтæ кæм архайынц, скъоладзаутæн ахæм патриотон акцитæ æмæ æндæр дзыллон мадзæлтты тыххæй хабæрттæ радзырдтой.

Æдæппæт 8 скъолайы бындурыл сарæзтæуыд æвзонг æфсæддонты дæс ног къорды.

**Нæ уацхæссæг**

**Эксперты хъуыды**

## Донбассы фидæн: рæстдзинады сæраппонд

**Нæ бæстæйы разамынд Луганскы Адæмон Республикæ æмæ Донецкы Адæмон Республикæ хæдбар паддзахæдтыл кæй банымадта æмæ семæ бадзырдтæ дæр кæй сарæзта кæрæдзийæн æххуыс кæныны тыххæй, уыдæттæ сты ахсджиаг хъуыддæгтæ. Уæрæсе бирæ сæдæгай азты размæ куыд уыд, афтæ ныр дæр адæмты ирвæзын кæны физикон æгъдауæй сæ ныццæгъдынæй, æмæ уый махæн, ирæттæн, хорз зындгонд у историйæ.**

Абоны уавæрмæ ныркæсгæйæ Абоны уавæрмæ нырыккон дунеон барады цæстæй куы акæсæм, уæд нæ размæ слæууы ахæм фарст, Америчы Иугонд Штаттæ æмæ Европæйы бæстæтæ иу адæмты, зæгъæм, Косовойы албайнæгты хæдбардзинад банымадтой, æндæрты та — нæ.

Уæдæ ныр куыд кæнгæ у, хæдуагæвæрд æмæ хæдбардзинад чи расидт, ахæм æндæр адæмтæн? Фæлæ алы хæдбардзинадыл нæ разы кæны, дунейы бæстæтæн кæддæр сæрибар уæвыны тыххæй хуызæг чи сарæзта, уыцы АИШ. Ацы паддзахады политикон-барадон уагæвæрды бындурæвæрджытæ Томас Джефферсон, Джордж Вашингтон, Джон Адамс, Бенджамин Франклин æппæт дунейыл æрдхæрыны ныхæстæ адæмты хæдбардзинады тыххæй ахæлиу кодтой 1776 азы хæдбардзинады декларацийы.



Абхазы, Хуссар Ирыстоны, Луганскы, Днепропетровскы. Ацы номхыгъд, хъыгагæн, адаргъдæр кæнæн ис XX æнусы æппæты стырдæр трагеди — Советон Цæдисы фехæлды дæнцæгтæй.

Дыууæ æнусы æмæ æрдæджы фæстæ ацы ныхæстæ æппæт дунейы адæмты зондахасты æмæ зæрдæты ссардтой аккаг бынат æмæ сын сты ныфс. Фæлæ фидарæй зæгъæн ис, уыдон фыст æрцыдысты мингай æмæ мингай æнахсосæй фæмард уæвджыты тугæй

"Иу кæнæ иннæ цауты тыххæй кæд кæцыдæр адæмы бахъæуы, иннæ адæмтимæ йæ чи бæтты, уыцы политикон бастдзинæдтæ фехалын, æмæ дунейы бæстæты ‘хсæн хицæн æмæ æмхуызон уагæвæрд æрцахсын, уымæн та йын бар ис æрдзы закъонтæм, стæй Сфæлдисæгмæ гæсгæ, уæд адæмон хъуыды афтæ домы, цæмæй загъд æрцæуа, цæй тыххæй хицæн кæны, уыцы æууæлтæ", — фыст æрцыд АИШ-ы хæдбардзинады декларацийы.

Ацы документ райсыны бон — 4 июлы АИШ-ы бæрæггонд цæуы куыд сæйраг национ бæрæгбон. Америкаг барадон ахастдзинæдты системæйы бындурæвæрджыты ахуырад фылдæр хатт хонынц сæрибардзинады теори æмæ йæ хъуыды ахæм у, зæгъгæ, хицаудзинад йæхимæ хæс исы рæстдзинадыл архайын. Кæд разамынды иставæр хуыз фехала уыцы домæнтæ, уæд адæмы барад уым ис, цæмæй уый цухгонд æмæ æвзæрст æрцæуа ног хицауад, раздæры разамынды хуызтæ та ивын нæ хъæуы. Адæм цалынмæ фæразой, уæдмæ зынтæн бысхдзысты. Фæлæ кæд хицаудзинад фыдархайд кæнын райдайа, уæд адæмæн бар ис, уый йæ хæстæй суæгъд кæнын, цæмæй фидæны йæ æдасдзинадыл архайой æндæр хъахъхъæнджытæ.

Америчы Иугонд Штаттæ йæ рæстæджы банымадтой Советон Уæрæсейы хæдбардзинад, 16 азы фæстæ та Советон Цæдисы дæр. Ленин нæ фæцард уыцы амондджын бонмæ. Фæлæ уый ницы бахъыгдардта нæ бæстæйы наукон-техникон хъомысмæ домбай къахдзæфтæй акæнынмæ.

**ЧЕДЖЕМТЫ Сергей,**
**Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты профессор**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Санитарон авиацийы вертолетæй

**Бахъуаджы рæстæг Цæгат Ирыстоны медицинон кусæндæттæм хуссарирыстойнæгты ласдзысты санитарон авиацион транспортæй.**

Мæскуыйы ацæуæг фембæлды рæстæг Хуссар Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Наниты Сослан** æмæ Уæрæсейы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры фыццаг хæдивæг **Виктор Фисенко** амынд хъуыддагыл бафидыдтой.

"Арæнмæ 'ввахс цæгатирыстойнаг Нары хъæуæй авиацион транспортæй рынчынты цыбыр рæстæгмæ медицинон кусæндæттæм ласдзысты. Ацы хъуыддаг



æххæст кæндзысты Уæрæсейы Федерацийы фæрæзты хардзæй", — фыст ис Хуссар Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ социалон рæзты министрады хъусынгæнинаджы.

**(Информацион агентад "Рес")**

**Дзырды фарн**

*Ды иугай дуртæ*
*арф кæмтты фæуыгътай*
*Æмæ сæ рындзыл*
*самадтай мæсыг.*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **26 февралы,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **5-10 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **6-8 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 11,06

**Хурыскаст** — 06,40
**Хурныгуылд** — 17,46

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 83,61 ↓
**Евро** — 93,45 ↓

12+

Юбилей

# Удварны бæрæгбон — Октябрыхъæуы библиотекæйы

**Æрæджы зындгонд фыссæг, журналист, æхсæнадон архайæг, литературон критик Тыбылты Алыксандрæн йæ райгуырды 135 азы кадæн, Октябрыхъæуы Плиты Грисы номыл библиотекæ æмæ Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдис сарæзтой фембæлд.**

Æмбырд амыдта Фысджыты цæдисы сæрдар **Агънаты Гæстæн**. Уый куыд загъта, афтæмæй Тыбылты Алыксандр ныууагъта стыр фæд наукæйы, ахуырады, чиныгуадзыны хъуыддаджы. Уый хуызæн рухстауджытæн, кæцытæ сæхи сывонд кодтой адæмæн, хъæуы стыр аргъ кæнын, уымæн æмæ архайдтой, цæмæй нæ адæм лæууой ахуыры фæндагыл. Гæстæн Октябрыхъæу цæмæн равзæрста, уый дæр загъта: "Хъуыды кодтон ууыл, æмæ ацы хъæуы цæрджытæн сæ фылдæр рацæугæ сты Хуссар Ирæй, æмæ Алыксандр нæ адæмы 'хсæн стыр бынат кæй ахсы, уый уадз æмæ зоной". Бузныг загъта библиотекæйы кусджытæн, уæлдайдæр та йæ разамонæг Къæбулты Галинæйæн, сæ куырдиатыл уайтагъд кæй сразы, æмæ кæй бацархайдта ахæм мадзал скæныныл.

Ирон литературон критикæйы бындурæвæрæг Тыбылты Алыксандр уыдис цытджын адæймаг. Йе сфæлдыстадон фæллæйттæн ис æппæтадæмон ахадындзинад, уыдон систы æнæхъæн дуг мадæлон æвзаг, литературæ, адæмон сфæлдыстад, ахуырад æмæ аивад иртасыны хъуыддаджы. Уымæ гæсгæ йын йæ литературон бынтæм æмæ монон фæдзæхстытæм хъæуы бæстон хъусдард. XX æнусы фыццæгæм æмбисы нæ дзырдаивады разагъды лæгтæ чысыл нæ уыдис, фæлæ дзы критикон сфæлдыстады йе 'мвæзадмæ ничи схызтис. Уый тыххæй Тыбылы-фырты ном æрымысæм зæрдиаг, рухсгонд æмæ сæрыстыр æнкъарæнтимæ. Æнæмæнг, уый уымæн афтæ рауад æмæ нæ цытджын лæджы бон бацис, æнусмæ дæр сæ ахадындзинад кæмæн нæ фесæфт, ахæм монон хæзнаты адæмы тæрхонмæ рахæссын. Уыцы æнæмæлгæ иртасæн куыстытæ нæ бæстæйы ног уавæрты дзыллæйы зæрдæйы райхъал кодтой национ химбарынад, нæ уидæгты рухс, адæмы уагæвæрд æмæ удыхъæд. Уымæ гæсгæ, абон нæ бон барджынæй зæгъын у, Тыбылты Алыксандр национ зондахасты тыгъдады стыр бынат кæй ахсы, уый.

Хуынд уазджытæ уыдысты филологон наукæты кандидат, РЦИ-Аланийы истори æмæ археологийы институты наукон кусæг **Куыдзойты Анжелæ**, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Хозиты Барис**, Фысджыты цæдисы уæнг **Цомартаты Изæтбег**.

Анжелæ равдыста Тыбылты Алыксандры чиныг уазджытæн. Уый мыхуыры рацыд 1964 азы Хуссар Ирыстоны рауагъдады. Уацты æмбырдгонд хуыйны "Равзаргæ уацмыстæ". Арæзт у дыууæ хайæ: иу хай æвзагзонынадæй уацтæ, дыккаг та — литературæзонынадæй. Чиныг аразæг æмæ йæ разныхасы автор у зындгонд ирон фыссæг Гаглойты Федыр (Гафез). Уый фыста, зæгъгæ, "Тыбылты Алыксандр хорз æмбæрста рæстæджы комулæфт, ног цард, ног дуджы домындзинæдтæ æмæ хæстæ". Радзырдта ма, Алыксандрыл хахуыртæ кæй фыстой æмæ уыдон азарæй кæй байсæфт. Амардтой йæ æмæ йын йæ ингæн дæр ничи зоны. Чи йæ байсæфта, уыдон бæрæг не сты, фæлæ Алыксандры ном историйы уыд æмæ уыдзæн æнусты дæргъы, цалынмæ ирон адæймаг цæра, уæдмæ. Анжелæйы хъуыдымæ гæсгæ, ирон æвзагзонынады нæй ахæм къабаз, æмæ Тыбылты Алыксандр йæ ныхас кæм нæ загъта. Уыимæ, теоретикон фарстытæ кæддæриддæр баста практикæимæ. Æмæ уый, æцæгæйдæр, афтæ у. Тынг здæхта йе 'ргом орфографи, графикæ æмæ орфоэпимæ. Хорз зыдта, иумæйаг орфографи адæмы иу кæныны фæрæз, æвзаг цы уавæры ис, уый æвдисæг кæй у, æмæ йæ тыхыл нæ ауæрста фыссынады аиппытæ аиуварс, раст фыссынады фæтк сбæрæг кæнынæн.

Алыксандры уац "Ирон æвзаг" у манифесты хуызæн. Алы абзац дæр дзы у сæрмагонд тезис, йæ алы хъуыды дæр — цы хъæуы кæнын æмæ цæмæн. Уый фыста, раджы заманы дæр ирон адæм стыр аргъ кæй кодтой уырыссаг æвзагæн. Дзæбæх ныхас сæ-иу зæгъын куы фæндыди, уæд-иу дзырдтой: "Дæ лæппу уырыссагау базонæд". Афтæ уыд æнусты дæргъы. Уæд адæм тырныдтой уырыссаг æвзаг базонынмæ, абоны рæстæджы ацы æвзаг базонын диссаг нал у, ирон æвзаг та, мæгуыргурау, фæсдуар аззад. Алыксандр æй йæ рæстæджы зыдта, ирон æвзагæн йæ бынат кæдæм цæуы æмæ адæмы хорзмæ кæй нæ æркæндзæн, уый. Фыста: "Цæмæй нæ къахыл слæууæм, уымæн та йæ сæйраг амæлттæй сæ иу у не 'взаг. Не 'взаджы фæрцы райхъал уыдзæн нæ зонд... Æндæр æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн".

Алыксандр дзырдта: "Райдайæн скъола хъуамæ арæзт уа ирон æвзагыл — не 'взагæн аргъ куы кæнæм, уæд нæ адæмæн дæр аргъ кæндзыстæм, йæ гыццылæй адæймаг куы нæ сахуыр кæна йе 'взаг, æмæ ас адæймаг куы суа, уæд ын мадæлон æвзаджы ад нал кæндзæн". Дзырдта, ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддагмæ æппæт æхсæнад дæр хъуамæ раздæха.

"Райдайæны нын зын кæй уыдзæн, уымæй тæрсын нæ хъæуы: асины къæхтыл радыгай фæхизынц. Æрмæст фæстæмæ нал хъæуы хæцын хъуыддагыл, афон у йæ саразынæн", — фыста Алыксандр. Уыцы хъуыддæгтæ цæмæй æнтыстджын уой, уый тыххæй Тыбылты Алыксандр дызæрдыг нæ кæны иу хъуыддагыл: "Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæм хъуамæ уой æмвæнд, æмдзу культурон куысты... Нæ зонд, нæ хъару рæздзæнис кæрæдзийы ныфсæй, æххуысæй, æмæ нын æнцон уыдзæн бырсын алы цæлхдур, алы хъуыддаг", — радзырдта Анжелæ.

**Хозиты Барис** загъта: "Сæдæ азы рацыд, нæ цытджын критик йæ сæйраг уацмыстæ куы ныффыста, ууыл. Фæлæ йын йæ уацты æмбырдгонд куы байгом кæнæм, уæд йæ бур сыфтæ хуры рухсмæ урс-урсидæй агæпп ласынц, æмæ та нæ алыварс азæлы йæ барджын, ныфсджын, хъомысджын, уæздан æмæ удæгас хъæлæс. Æмæ, æцæгæйдæр, удæгас кæй у йæ азæлд, уый метафорæ кæнæ фæсномыг ныхас нæу. Бæрнонæй зæгъæн ис, Алыксандры куыстыты рæстæгæн барджын чи нæу, ахæм хъуыдыты æххæстад. Æххæстады комулæфтыл мах æмбæлæм йæ алы рæнхъы дæр. Ахæм æнкъарæнтæ ма нæм райгуыры, ирон литературæйы сыгъзæрин æнусы стъалыты бынмæ нæхи куы фæтавæм, уæд. Æмæ цыма нæ разагъды лæг йæ базырджын хъуыдытæ, йе 'ргом сагъæстæ, йæ цины монцтæ махæн йæхæдæг фæкæсы, афтæ рауайы. Чи зоны, Тыбылы-фырт йæ дуджы фарстатæн цы дзуаппытæ лæвæрдта, уыдон æнхъæлмæ кæсынц нæ фиппаинæгтæм, фæлæ сæ мидис адæмы культурæйы рæзтыл кæй ауды, уый дызæрдыггаг нæу. Нæ разагъды критик ирон литературæйы классиктимæ барст кæй цæуы, уый у æмбæрстгонд æмæ фæткон.

Дунесконды ивынад ног уагæвæрды бындурыл канд Ирыстоны æмæ Уæрæсемæ нæ хаудта, фæлæ æгас дунемæ дæр. Уый, бæгуыдæр, фæтæрсын кодта Ныгуылæны бæстæты аивадон хъуыды æнæкæрон авнæлдæй. Нацийы монон рæзты уавæр арф фæд ныууагъта Тыбылты Алыксандры сфæлдыстадон архайдыл дæр. Уыцы дывыдон арты йæ удгоймагад сфæлтæрдта æмæ бахсыст. Æмæ, æнæмæнг, уый фæрцы йе сфæлдыстад нæ разы æрлæууыд æвæджиауы иудзинад æмæ фæлдзусады хуызы. Абон дæр нæ дисы æфтауынц Алыксандры иртасæн куыстыты æнæхъуаджы уæрæх цымыдис ирон дзырдаивады æнæлыг фарстытæм. Фæлæ нæ бынтон дисы æфтауы йе сфæлдыстады æндон æмиуад. Æмæ уымæн бамбарæн ис: нæ разагъды критик цæуылфæнды дæр куы фыста, цæуылфæнды дæр куы хъуыды кодта, уæддæр ын иунæг астæуккаг цæджындз, йе сфæлдыстады астæумагъз уыдис ирон адæмы монон цард. Тыбылы-фырт бирæ рæстæг хардз кодта уæлдæр скъола æмæ рухсады лыггæнинаг фарстатыл, фæлæ дзы **"хус дамгъæйы"** аууон адæймаджы рухс цæсгом никуы ферох ис. Йæ аивадон цæстæнгас царды цаутæ, литературон уацмыстæ æмæ адæймаджы уагæвæрдмæ кæддæриддæр уыдис размæцыд, уырнинаг æмæ рæстдзæвин. Цард, зонад æмæ критикæ йæ удыхъæды, Крыловы басняйы хъæйтартæ кæф, доныхъаз æмæ фæстæмæдзу хæфсау, алырдæм нæ хæцыдысты, фæлæ уыдысты æмиуады суадæтты хуызæн: зонад æмæ йын литературон критикæ æххуыс кодтой царды цаутæ фæлгъауынмæ, фæлæ йæм уæддæр фарстатæ лæвæрдта цард. Уымæ гæсгæ, Алыксандрæн уыдис сæрмагонд ахаст зонадон, критикон æмæ литературон ныхасмæ".

Алы æцæг литературæиртасæгæн дæр ивгъуыды традицитæм ис сæрмагонд цæстæнгас. Цытджын иртасæгæн ахæм бæрндзинады æмбарынад гуырыдис литературон критикæйы иумæйаг нысаниуæгæй, æхсæнадæн лæггад кæнынæй æмæ удгоймаджы бæрзонд уазнысантæй. Уыдоны мидæг зынгæ бынат ахсы йæ рухсадон куыст. Тыбылы-фырты фидарæй уырныдта, æвзаг, литературæ, ахуырад æмæ адæмон сфæлдыстады хæзнатæ дзыллæйы къæбицмæ хæссинаг кæй сты, уый. Йæ бирæвæрсыг куыстыты уыцы хъуыды дзырдаивады патриарх парахат кодта хуымæтæг, æмбæрстгонд æмæ æнцонæмбарæн ныхасæй. Разагъды лæджы хъуыдымæ гæсгæ, суанг иртасынады вазыгджындæр фарстатæн дæр фæлгъауæн ис нæ мадæлон æвзагыл. Иннæрдыгæй та — йæ фидарæй уырныдта, критикæйæн бар кæй нæй **"цъиуты æвзагæй"** дзурынæн, æхсæнадæй хи иуварс кæнынæн.

Ома, дæ куысты фæстиуджытæ адæмы рæгъмæ хæссын куы нæ фæразай, уæд уый, фыццаджыдæр, нысан кæны иртасæджы къуындæгдзинад æмæ цардæй иппæрдад. Уымæ гæсгæ, Тыбылты Алыксандрæн йæ литературон-критикон уацтæ, рецензитæ, уацхъуыдтæ зæрдæргъæвдæй мыхуыр кодта суанг газетты фæрстыл дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, уымæн та хъуыдис стыр удхъомыс, цæмæй вазыгджын æрмæджыты комулæфт фæхæццæ уа алы газеткæсæгмæ дæр. Алыксандры сфæлдыстадон цардæрфысты ахæм дæнцæгтæ иу æмæ дыууæ нæй. Дзырд дæр ыл нæй, ахæм æрмæджытæ критикæй домдтой удуæлдай куыст аивадон ныхасыл. Уыцы куысты мидæг Алыксандр йæхи равдыста æнæхъуаджы дæсны стилистæй. Фæлгонцады 'рдыгæй дæр уый уыдис диссаджы нывгæнæг. Уый уæлдайджынтæй уыд йæ номы аккаг **"ахуыргонд критик"**. Тыбылы-фыртæн уыдис йæхи сæрмагонд цæстæнгас вазыгджын лыггæнинаг фарстатæм. Йæ бон сæ уыдис нуарджын, фæлгонцджын æмæ сурæтджын æвзагæй æвдисын. Æмæ уымæ гæсгæ йæ литературон-критикон æрмæджытæ хæстæг лæууыдысты аивадон уацмыстæм, уыдысты æнцон æмбарæн. Йæ литературон бынты ахадындзинады уый ахсы зынгæ бынат. Алыксандр абоны иртасджытæн фæзминаг у бирæ цæмæйдæрты: куыд зынгзæрдæ патриот, разагъды лæг, номдзыд разамонæг, курдиатджын критик, фæзминаг адæймаг æмæ ирондзинады фидиуæг, афтæ".

Цомартаты Изæтбег ма бафтыдта: "Алыксандры чиныг кæсгæйæ, сæвзæры ахæм хъуыды, цыма аивадон литературæ кæсыс, афтæмæй сты критикон уацмыстæ. Æхсызгонæй хъарынц æмæ тайынц зæрдæйыл йæ ныхæстæ".

Фысджыты цæдис Октябрыхъæуы библиотекæйæн балæвар кодтой ирон æвзагыл фыст чингуытæ, библиотекæйы разамонæг **Къæбулты Галинæйæн** та — Арфæйы гæххæтт, ирон æвзагмæ æмхиц кæй у, не 'гъдæуттæ, нæ фарн, нæ аив дзырд цæмæй ма фæцуда, уыл æнæрынцойæ кæй кусы, уый тыххæй.






**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**
**Къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

## Ис нæм ахæмтæ дæр...

"Кæрæдзийы уарзгæйæ, ме 'фсымæртæ, цæрут", — цы ма уа уымæй растдæр! Фæлæ Къостайы фæдзæхст абон дæр æххæстгонд нæма у. Нæ ирон адæммæ дун-дунейы хъуыстгонд цы хорз миниуджытæ ис, уыдоны фарсмæ ис ахæмтæ, кæцытæ нæ кæнынц æгад! "Ды мæнæй цæмæй хуыздæр дæ?" Ацы хъуыды нæ бирæ хæттыты былмæ æртæры.

Мæнæ абон та? Иу Къостайы премийы лауреатæн уыд райгуырæн бон. Йæ хæдзармæ йын бацыдтæн, раарфæ йын кæнон, зæгъгæ. Цы уавæры йæ федтон, уый мæ тынг стыхсын кодта: сыстынæн нæ уыд, йæ къух сисын нæ фæрæзта. Ацы хабар ракодтон æндæр лауреатæн. Æнхъæлдтон, батыхсдзæн æмæ ма мæ истæмæйты бафæрсдзæн, фæлæ уый тызмæгæй загъта: "Цæмæн æм бацыдтæ?! Уый куы ничи у! Кæсгæйæ йæм баззадтæн... Къостайы ном хæссы — йæ фæдзæхст та йын ницæмæ дары!

Абон дæр бирæ дæнцæгтæ ис — нæ хуыздæртæй бирæтæ се 'цæг дунемæ нæ ацы миниуæджы аххосæй кæй ацыдысты, уымæн.

**ДЗБОЙТЫ Михал,**
**скульптор**

Конкурс

## Мадæлон æвзаджы рæзтæн

**Цæгат Ирыстоны Фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады центр куыд фехъусын кодта, афтæмæй нæ республикæйы цæуы мадæлон æвзагыл хуыздæр поэтикон уацмыс ныффыссыны фæдыл æрвылазон конкурс.**

— Кармæ гæсгæ архайджытæ дихгонд сты æртæ къордыл: 14-20-аздзыдтæ, 21-29-аздзыдтæ æмæ 30-35-аздзыдтæ. Конкурс цæуы 30 мартъийы æмгъуыдмæ. 5 мартъийы онг гæххæттыл фыст куыстытæ барвитæн ис мæнæ ахæм адрисмæ гæсгæ: Дзæуджыхъæу, Ватутины уынг, 51-а, науæд мæнæ ахæм электронон адрисмæ гæсгæ: cvpvm-rsoa@mail.ru. Хатдзæгтæ скæндзыстæм 30 мартъийы онг. Уæлахиздзаутæн ирон адæмы фольклорон-этнографион бæрæгбон "Тутырты" фæткмæ гæсгæ хæрзиуджытæ ратдзыстæм, — загъта конкурсæн фадатараздзыты минæвар.

Конкурс аразынц 2021-2025 азты паддзахадон программæ "Ирон адæмы национ-культурон рæзт"-ы æххæсткæнынады фæткмæ гæсгæ.

**Нæ уацхæссæг**

Нæ монон хæзнатæ

# Аргъау — цыкурайы фæрдыг

**Уырыссаг поэзийы гени А.С. Пушкин 1824 азы "Михайловскæ"-йæ, хаст кæдæм уыд, уырдыгæй йе 'фсымæрмæ фыста: "...изæрæй хъусын аргъæуттæм æмæ уымæй æххæст кæнын ме 'лгъыстаг хъомылады цухтæ. Цы диссаг сты ацы аргъæуттæ! Алкæцы дæр дзы поэмæ у!" Уæдæ йæ "Аргъау сыгъзæрин уасæджы тыххæй"-ы кæроны дæр кæсæм, гыццылæй фæстæмæ нын зонгæ цы ныхас у, уый: "Сказка — ложь, да в ней намек, добрым молодцам урок". Æндæр хъуыддаг у, поэты хъуыдытæ куыд æмбæрстгонд цæуынц, исты хатдзæгтæм æрцæуынц чиныгкæсджытæ кæнæ аргъаумæ хъусджытæ, уый. Фыццаг фарст: цы хоны Пушкин æлгъыст хъомылад?**

Зындгонд куыд у, афтæмæй XIX æнусы уырыссаг уæздæтты бинонтæ сæ сабиты стыр æнувыдæй ахуыр кодтой францаг æвзагыл дзурыныл. Уымæн æвдисæн, уырыссаг фысджыты уацмысты оригиналты арæх æнæхъæн скъуыддзæгтæ францаг æвзагыл мыхуырæй кæй уынæм, уый. Фиппаинæгты хуызы лæвæрд вæййынц сæ тæлмацтæ. Афтæ та кæд вæййы? Кæд рахизæм дзургæ-дзурын кæнæ фысгæ-фыссын æндæр æвзагмæ? Цы 'взагыл фæныхас кæнæм, кæнæ фыссæм, уым нын нæ хъуыдытæ зæгъынæн дзырдтæ куы нæуал фæфаг кæны, уæд. Фаг та нал фæкæнынц, адæймаг æвзаг тынг хорз куы нæ зона, уæд. Ацы фæтк ирон адæмæн тынг хæстæг у: арæх, нæхæдæг дæр æй нæ бамбарæм, афтæмæй свæййæм Брытъиаты Елбыздыхъойы Уæрæседзауты æнгæс.

Уырыссаг поэтæн йæ хъуыддаг ацыд: йæ хъомылгæнæг — Аринæ Родионы чызг ын базонын æмæ бауарзын кодта: "Здесь русский дух, здесь Русью пахнет..."-мæ цыдæриддæр хауы, уыдæттæ. Ныр та æркæсæм йæ иннæ фразæ — "Сказка — ложь, да в ней намек, добрым молодцам урок"-мæ. Ам та æххæстæй загъд æрцыд аргъауы нысан: цæмæн æй æрымысыдысты, цы дзы зæгъынмæ хъавыдысты. Афтæмæй, аргъау, кæд æрымысæггаг у, царды æрцæуæн цы хабæрттæн нæй, ахæмтæ дзы вæййы, уæддæр у зондамонæн, æрымысыдысты сæ æрмæст сывæллæттæн нæ, фæлæ царды хибар къахдзæфтæ чи кæндзæн, уыдонæн се 'ппæтæн дæр, хорз æмæ æвзæр кæрæдзийæ иртасыны хуыздæр мадзал кæй сты, уымæ гæсгæ. Аргъæутты хъайтарты рæдыдтытыл ныхъхъуыды кæнгæйæ, искуы сæхи рæдыдæй бахиздзысты, аргъæутты хъайтартæн сæ хæрзаудæнтæ фæстæдæр фервæзыны æххуыс кæй фæвæййынц, хорздзинад суанг сырдтæ дæр кæй нæ рох кæнынц, уый сæ разæнгард кæндзæн хæрзаудæн кæнынмæ.

Æмæ, цæмæй искуы абоны ирон сабитæй афтæ мачи зæгъа, гыццылæй мын аргъæуттæ дæр ничи каст, зæгъгæ, уымæн фехъуыс уыдзæн, æрæджы рухс цы аргъæутты ног æмбырдгонд федта — **"Цыкурайы фæрдыг"**, уый. Чиныджы символикон ном дæр, æвæццæгæн, ахæм хъуыдытимæ баст у. Цыкурайы фæрдыгмæ — аргъæутты суанг марды дæр удæгас кæнæгмæ — чи нæ бабæлдзæн. Фæлæ уый аргъæутты фæрдыг у. Царды та ахæм ирвæзынгæнæн фæрæз свæййынц хорз хъуыддæгтæ, хистæрты фæдзæхстытæ, сæ уынаффæтæ.

Æмбырдгондмæ цы аргъæуттæ бацыд, уыдонæй бирæтæ уымæн хорз æвдисæнтæ, уæлдайдæр та аргъау **"Æрæджиау æмæ йæ авд æфсымæры"**. Иу идæдзæн цы авд фырты уыд, уыдонæй адæм ард хордтой, сæ цотæн сæ фæзминагыл нымадтой.



Сæхицæй тыхджындæр суанг сыхаг хъæуты дæр ничи уыд, æмæ уæд, Нарты Сослан тыхагур куыд ацыд, афтæ авд æфсымæры та араст сты, фурды фаллаг фарс цы уæйыг цард, уымæ сæ тых æвзарынмæ. Нæ байхъуыстой сæ мады лæгъстæтæм, нæ байхъуыстой, сæ балцы фæндæгтыл кæуыл сæмбæлдысты, уыцы, сæхицæй фæлтæрддæр æмæ фенддæрджындæртæм: фыййау, галгæс æмæ бæхгæсмæ. Ма ацæут, уырдæм цы бирæ тыхджын фæсивæд фæцыд, уыдонæй фæстæмæ ничиуал раздæхт, зæгъгæ, дзырдтой æфсымæртæн. Фæлæ сын уыдон гуымиры дзуапп лæвæрдтой, уæхи хæдзары уынаффæтæ кæнут, махимæ уæ ницы хъуыддаг ис, зæгъгæ. Нæ байхъуыстой æмæ фесæфтысты.

Рахъомыл, идæдзæн ма цы гыццыл лæппу баззад, уый. Æрæджиау кæй райгуырд, уымæ гæсгæ йæ хонгæ дæр Æрæджиау кодтой. Ирон адæмон сфæлдыстады куыд вæййы, афтæ ацы аргъауы дæр Æрæджиау Къулбадæг усы чызджы фидисæй базыдта, авд æфсымæры йын кæй уыд æмæ кæй фесæфтысты, уый. Сфæнд кодта сæ бацагурын. Нæ йæ уадзы мад, кæуы, ниуы, фæлæ Æрæджиауы балцы нысан æндæр у, уый уаз нысан у — йе 'фсымæрты ссарын, фервæзын сæ кæнын, адæмы астæу лæджы номимæ цæрын.

Æрæджиау дæр фæмбæлд йæ балцы, йе 'фсымæртæ кæуыл фембæлдысты, уыдоныл; уымæй дæр домынц, цæмæй йæхи ма сафа. Æрæджиау бынтон æндæрхуызон дары йæхи, йæ хорзмæ йын чи бæллы, уыдонимæ. Сæтой, сывæллон æй цы фыййау рахуыдта, уымæн зæгъы: "Арфæйаг у, дæ зонд кæй нæ хæлæг кæныс мæгуыр сабийæн. Фæлæ уыйбæрц кæм фесæфт, уым ма дзы иу мæ хуызæн куы фесæфа, уæд бирæ хъуыддаг нæу. Галгæсæн дæр зæгъы: "Раст зæгъыс, раст, фæлæ мыл хæс æвæрд ис, хæс, стыр хæс, мæ авд æфсымæры агурæг цæуын..." Ацы нывтæ хорз хъомыладон мадзал сты, лæджы тых æрмæст уæнгты тыхæй баргæ кæй нæу, фæлæ уæздан лæгдзинадæй дæр.

Цæуыл фæдзырдтам, уыдон баст сты **"Цыкурайы фæрдыг"**-имæ. Чиныджы аргъæуттæ иууылдæр сты уырзæй æвзæрстау: мидисджын æмæ пайдайаг: хизынц рæуæууæнкæй, ахуыр кæнынц къæрцхъус уæвыныл, суанг хорздзинад кæмæн ракодтай, уыдонимæ дæр. Хъыгагæн, царды бирæ æмбæлы ахæм цаутæ, æбузн адæймæгтæ, æмæ цæмæй фæсмойнаг мачи фæуа, фыдбылызы мачи бахауа. **Цы хæрзаив фæлгонц чиныджы кой кæнæм, уый сарæзта Косты Лизæ, мыхуыры та рацыд Хъуыдзилты Хазбийы хардзæй. Хазби ирон чиныгкæсæгæн фыццаг хатт нæ бацыди стыр хорзы: уымæй размæ дæр ма йæхи хардзæй хицæн чингуытæй рауагъта дыууæ æнæмæлгæ уацмысы — Хетæгкаты Къостайы "Особа" æмæ Къубалты Алыксандры "Æфхæрдты Хæсанæ"**.

Адæймагæн фыццаг фембæлдæй йæ æддаг бакастмæ гæсгæ куыд аргъ кæнынц, чиныгæн дæр афтæ, æмæ ам алцыдæр у раппæлинаг, цæстæн æхсызгондзинад хæссы. Уæдæ дарддæр фæлдахæм чиныджы сыфтæ: чиныгаразджытæ цы мыхуыры шрифт равзæрстой, уымæ гæсгæ аргъæутты текстæ уыдзысты æнцон кæсæн алы кары чиныгкæсæгæн дæр, æмæ уый банымайæн ис чиныг кæсынмæ разæнгард кæныны хосыл. **Уæдæ Косты Лизæ йæхæдæг сæ чиныджы райдайæны чиныгкæсджытæн аив ирон æвзагыл цы уац ныффыста, уый дæр стыр пайда æрхæсдзæн**: ссардта дзы "æнусты арфæй, нæ адæмы историйы гуыргъахъ фæндæгтыл фæстагæттыл æнæ къахырæй фыдæлты удварны хæзнатæ чи сæмбæлын кодта", дзыхæй дзургæ аивады уацмыстæ гæххæттыл чи ныффыста, ацы чиныджы размæ адæмон сфæлдыстады алы жанртæй æмбырдгæндтæ чи бацæттæ кодта, уыдоны арфæйаг рухс нæмттæ. Уымæй уæлдай, разныхасы бæлвырдгонд æрцыд чиныджы нысан: хаст æм æрцыдысты, абон зын ссарæн цы аргъæуттæ систы, уыдонæй бирæтæ.

Адæймаджы цардвæндаг раджы дæр æмæ ныр дæр уæззау æмæ тæссаг у, ничи зоны, кæд æмæ кæм цы фыдбылызы уавæры бахаудзæн, уый. Æмæ ам, аргъæуттæ сæ цардмæ цæттæгæнæн хъомысæй фæстаг бынаты æвæрын нæ бакомдзысты, уымæн æмæ сты: "добрым молодцам — урок". Цæмæндæр, ахæм хъуыды ныффидар, зæгъгæ, аргъæуттæ сывæллæттæн сты, фæлæ уый æцæгдзинад нæу. Ацы чиныг æхсызгонæй кæсдзысты, цы хæдзары йæ суазæг кæной, уый бинонтæ иууылдæр — сонт сабийæ ацæргæмæ.

Кæронбæттæны ма мæ банысан кæнын фæнды, ирон зæрдæйæн æхсызгон чи у, ноджыдæр иу ахæм æууæл — чиныджы фæлысты пайдагонд æрцыди, йæ рæстæджы Тугъанты Махарбег Хуссары рауагъд аргъæутты чиныгæн цы графикон нывтæ скодта, уыдонæй. Афтæмæй, чиныг рæствæндаг уæд фæрныг хæдзæртты чиныгкæсджытæм, чи йыл бафыдæбон кодта, уыдонæн дæр сæ куыст арфæйаг уæд.

**БЕЗАТЫ Фаризæ,**
**педагогон наукæты кандидат,**
**ЦИПУ-йы ирон литературæйы кафедрæйы доцент**

Аудынад

# Гуманитарон æххуыс — лыгъд адæмæн

Рæхджы Донецк æмæ Луганскæй Цæгат Ирыстонмæ 500 адæймаджы кæй хъуамæ æрбафтой, уый нымайгæйæ, Æппæтуæрæсеон адæмон фронт кæй æххæст кæны, уыцы акци "Мах иумæ"-йы регионалон клуб байгом кодта гуманитарон æххуысисæн бынат.

Акцийы архайджытæ Украинæйы хуссар-скæсæн хайæ æнæбары раивæг адæмыл сæмбæлдзысты æмæ сын рæстæгмæ цæрынæн фадæттæ сараздзысты.

— Уавæр нымайгæйæ, акци "Мах иумæ"-йы клубы архайджытæ сæ куыст фæрæвдз кодтой. Раздæры архайдæй, ома, медиктæн æмæ коронавирусæй рынчынтæн æххуысæй, фæстæмæ лыгъд адæмы номхыгъдтæ араздзыстæм, сæ домæнтæ сын нымайдзыстæм æмæ сын гуманитарон æххуыс исдзыстæм, — загъта акци "Мах иумæ"-йы архайæг, Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг регионалон æххæсткомы разамонæг Гæлиты Клим.



Сайт dobro.ru-йы хи чи срегистраци кæна, уыцы адæймагмæ ис бархионты корпусмæ бацæуыны бар. Иудадзыгон низтæй чи нæ сæйы, уыцы бархионтыл хъуамæ цæуа æппынкъаддæр 18 азы.

— Акци "Мах иумæ"-йы клубы бындурыл саразæстам гуманитарон æххуысисæн бынат. Алы адæймагмæ дæр ис хи æвæрæн иумæйаг хъуыддагмæ бахæссыны бар. Сыгъдæгдзинады фæрæзтæ, сывæллæтты хойраг, уæлæдарæс, хъазæнтæ æмæ къæнцыларон дзауммæттæ исæм, — зæгъы акци "Мах иумæ"-йы архайæг, Цæгат Ирыстоны Фæсивæды хъуыддæгты комитеты разамонæг Джусойты Руслан.

Гуманитарон æххуысæн бынат æрбынæттон Дзæуджыхъæуы Леоновы уынджы 2-аг бæстыхайы (Фæсивæды галуаны бæстыхай).

**Гуманитарон æххуыс бакæныны фæдыл клубы телефонтæ:**

**8-988-831-85-18**

**æмæ**

**8-918-811-66-66.**

Акци "Мах иумæ"-йы клубмæ хауынц Адæмон фронты активисттæ, стæй Цæгат Ирыстоны Фæсивæды хъуыддæгты комитеты, парти "Иугонд Уæрæсе"-йы, авналæнты центртæ "Кавказы бархион" æмæ "Бархиондзинадæн æххуыс"-ы, Фæсивæдон парламенты, Ирвæзынгæнджыты æппæтуæрæсеон студентон корпусы, æхсæнадон организацитæ "Бирæсывæллонджын бинонты" æмæ "Ног фæлтæр"-ы, Уæрæсейы Фæсивæды цæдисы, командæ "Молодежкæ ОНФ"-йы, "Бархионтæмедикты", "Æрыгон Гварди" æмæ "Уæлахизы бархионты" минæвæрттæ.

**Нæ уацхæссæг**

Патриотон хъомылад

## Зынгæ бæрæггæнæн

**Цæгат Ирыстоны Фæсивæды хъуыддæгты комитеты пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй æртæ бонмæ цæугæ музей "Уæлахизы поезд" бабæрæг кодтой нæ республикæйы цæрæг 5 мин адæймаджы бæрц (уый у зынгæ бæрæггæнæн).**

Хæсты заманы цаутæ æцæг уагæй æвдисæг дунейы фыццаг цæугæ равдыст "Уæлахизы поезд" арæзт у 9 тематикон вагонæй. Ацы вагæттæй алкæцы дæр æвдисы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутæ.



Специалистты ныхасмæ гæсгæ, "Уæлахизы поезд"-ы чи ис æмæ хæсты заман советон адæмы ныхас цæуы канд æфсæддон службæгæнджытыл нæ, фæлæ сабырæй цæрæг адæмыл дæр — царды уавæртæ чи æвдисы, ныртæккæ дунейы музейтæй иуы дæр скульптурæйæ афтæ хæрх бирæфигурон композицитæ нæй.

Экспозици сарæзтой æндæраз Номарæн æмæ Намысы азы фæткмæ гæсгæ.

**Нæ уацхæссæг**

Зонинаг хабар

## Сидт — хæцæнгарзы хицæуттæм

**1996 азы 13 декабры фидаргонд "Хæцæнгарзы тыххæй" № 150 федералон закъон æмæ Уæрæсейы Хицауады 1998 азы 21 июлы хаст уынаффæйæ кæй сфидар кодтой, "Уæрæсейы Федерацийы фæзуатыл граждайнаг æмæ æфсæддон хæцæнгарзы æмæ йæ гилдзыты зилдухы уыцы фæтк" кæй бæлвырд кæнынц, хæцæнгарзы зилдухы уыцы фæтк æнаиппæй æххæст кæнын кæй æмбæлы, уый уын æмбарын кæнæм.**

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: хæцæнгарзы æнæхъæндзинадæн чи ахъаз кæндзæн, адæмы хæс у сæ цæрæнуæтты бынæттæм гæсгæ хæцæнгарз æмæ гилдзытæ ахæм уавæрты, гуыдырæй æхгæнинаг сейфты, æфснайдæй дарын æцæгæлон адæймæгтæ (уæлдайдæр та — сывæллæттæ) сæм куыд нæ фæныхилой, афтæ. Расыг, стæй архайæг лицензитæ æмæ хæцæнгарз дарыны бардæттæг æвдисæндартæ кæмæ нæй, ахæм адæймæгтæм хæцæнгарз дарыны бар нæй.

Адæймаджы хæс у хæцæнгарз дарынæн бардæттæг лицензитæ æмæ гæххæттыты архайды æмгъуыды фæуды бонæй æппынкъаддæр мæй раздæр сæ архайды æмгъуыдыл сын бафтауыны фæдыл гæххæттытæ барвитын.

Фидаргонд фæтк чи не 'ххæст кæна, уыцы адæймагæй административон æмæ уголовон бæрндзинад бадомдзысты, стæй хæцæнгарз дарынæн бардæттæг гæххæттытæ нæбæзгæтыл нымад æрцæудзысты, хæцæнгарз та тæлæтгонд æрцæудзæн.

**Уæрæсейы Федерацийы**
**национ гвардийы æфсæдты**
**федералон службæйы**
**цæгатирыстойнаг**
**управлени**

## Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 6. Уырдыглæууæг кæстæры хæстæ æххæстгæнæг. 9. Сæрды тæвд рæстæг. 10. Æрыгон карк. 11. Къухфысты бæлвырд саразт. 14. Æфсæрмыгæнаг. 15. Химион элемент. 16. Европæйаг паддзахæдты æхца. 18. Номылусы фырт. 19. Сечъынаты Ладемыры роман "Батъарайы ком"-ы архайæг. 21. Коцойты Арсены радзырд "Фембæлдысты"-йы архайæг. 22. Фосы бардуаг. 24. Хъæвдын. 26. Фыдуаг, æгоммæгæс сывæллон. 28. Артаг. 29. Бырынцъаг. 30. Хуыссæны хай.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Кусæг фос. 2. Хуыйæджы кусæнгарз. 3. Æхсæны куывдæн цы зад æрæмбырд кæнынц, уый. 4. Хъуымац. 5. Хъæууонхæдзарадон кусæнгарз. 7. Уатаивгæнæн дзаума. 8. Адæймаджы уавæр фынæйы фæстæ. 12. Нымæц. 13. Ноздджын. 16. Цъата, æхсæдæнтæ, цъæрттæ. 17. Хъæдын уидыг. 20. Сырды æрцæуæны бадæг. 23. Хæдзар. 24. Хъуырæхгæнæн. 25. Саулохты Мухтары пьесæ "Фыййæутты уæтæр"-ы архайæг. 27. Цот.

### Дзуаппытæ 19 февралы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 5. Къанц. 9. Асæбе. 10. Алжираг. 11. Уадул. 12. Амонд. 13. Хадизæт. 16. "Акæс". 18. Кæсæн. 19. Тазе. 20. Гага. 21. Дзиу. 22. Хъуаз. 23. Мала. 24. Адан. 26. Цъæт. 27. Тагул. 30. Ныфс. 32. Зæрдæмæ. 34. Аргон. 35. Рæтæн. 36. Æмбатъæ. 37. Дагом. 38. Франк.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Скъуда. 2. Уалдзæг. 3. "Фæсобау". 4. Чендзе. 6. Цалх. 7. Джидæ. 8. Прозæ. 9. Агат. 14. "Акахатæ". 15. Æндзалм. 17. Сабат. 19. Титан. 23. Мæргъгæ. 25. Ныстуан. 26. Цъалды. 28. Арæби. 29. Уæфти. 31. Сæныкк. 32. Знæм. 33. Æрæф.

Барадон фæтк

## Æхцасайæг

**Дæрддзæгмæ цæстфæлдахæн мийы аматтаг бауæвæг 61-аздзыд беслæйнаг сылгоймаг пъæлицæйы кусджытæм бахъаст кодта.**

Оперативон-слестгæнæн мадзæлттæ бахæстгæнæг барадхъахъхъæнджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй сылгоймаг æбæрæг телефонæй йæм æрбафтæг дзæнгæрæгæн дзуапп радта. Телефонæй æрбадзурæг нæлгоймаг загъта: "Æз дæн банчы оператор, дзаума онлайн кæй балхæдтай, уый, дæ хорзæхæй, бавдис".

Мæнг хабарыл бауæндæг сылгоймаг скатай æмæ йæ банкон картæйы номыртæ æбæрæг нæлгоймагæн бацамыдта.

Картæйы номыр æмæ персоналон код базонæг телефонæй æрбадзурæг хинæйдзаг нæлгоймаг сылгоймаджы картæйæ 18 мин сомы бæрц æхца адавта.

Цыбыр рæстæгмæ Рахизфарсы районы пъæлицæйы кусджытæ фыдгæнæджы ном æмæ йæ уæвыны бынат сбæлвырд кодтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй сылгоймаджы фæсайдта телефонæй йæм Мæскуыйæ фæдзурæг 21-аздзыд саратоваг лæппу. Мæскуымæ командировкæйы ацæугæйæ, цæгатирыстойнаг барадхъахъхъæнджытæ гуырысхойаг лæппуйы бауæрдтой æмæ йæ Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайадмæ бахæццæ кодтой. Ахст лæппу йæ аххосыл басаст.

Уголовон кодексы 159 статьяйы 2 хаймæ ("Цæстфæлдахæн ми") гæсгæ, уголовон хъуыддаг кæуыл сарæзтой, уыцы лæппуйæн тæссаг у тæккæ фылдæр 5 азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.

**РЦИ-Аланийы**
**Мидхъуыддæгты**
**министрады**
**пресс-службæ**

Арфæ

## Дзанайты Ольгæйæн йæ райгуырæн боны фæдыл



*Абон Ирыстоны кадджындæр минæвæрттæй иу, Цæгат Ирыстоны филармонийы нæлгоймæгты хоры разамонæг Дзанайты Ольгæ бæрæг кæны йæ райгуырæн бон.*

*Уый фæдыл ын зæрдиаг арфæ кæнын мæхи номæй, æппæт Дзанайты мыггаджы номæй, æмæ Хетæджы фæдонты номæй.*

*Мæ зынаргъ хо Оля, Дунейы Фарн дæ сфæлдыста зæрдæхæлар, цæстуарзон, куырыхон адæймагæй. Дæ курдиат зындгонд у æппæт бæстæты цæрæг адæмæн. Де 'хсæнадон куыст, дæ аивад, де 'нтыстдзинæдтæй сæрыстыр 'стæм не 'ппæт дæр.*

*Цæргæ-цæрæнбонты зæрдиагæй лæггад кæнис ирон адæмæн, нæ музыкалон аивад уæрæх, рæсугъд фæндагмæ ракодтай, æмæ ма дын ноджы фылдæр бантысæд!*



*Дæ фæндтæ, дæ бæллицтæ дæхи фæндиаг уæнгрог æмæ цардбæллон, цæстуарзон æмæ æнæнизæй бафтæнт дæ къухы!*

*Хуыцауы хорзæхтæ дыл æрцæуæнт!*

***Зæрдиаг арфæтимæ***
***дæм де 'фсымæр,***
***Хетæджы фæдонты цæдисы сæрдар***
***ДЗАНАЙТЫ Хадзымæт***


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

### Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр

ИРОН ТЕАТР

*уæ хоны йæ спектаклы премьерæмæ*

**26, 27**

**февралы**

**"Цолайы чындзæхсæв" 12 +**

*Чеджемты Георы пьесæмæ гæсгæ*

*Режиссер-æвæрæг — РЦИ-Аланийы æмæ Кæсæг-Балхъары сгуыхт артист* ***Уалыты Геор****.*

*Музыкалон фæлгонцгонд — Цæгат Ирыстоны адæмон артист* ***Гæздæнты Булат****.*

*Нывгæнæг —* ***Уалыты Ларисæ****.*

*Райдайæн 18.00 сахатыл.*

*Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.*

***Уæ фарстытимæ бадзурæн ис ахæм телефонтæй:***

***55-14-68, 25-17-37, 25-11-42.***

*Ист цæуынц коллективон куырдиæттæ.*

*Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.*


Номарæн

## Золойты Алыксандры мысгæйæ

Дыууиссæдз боны размæ цардæй ахицæн хæрзæгъдау, æмгæрттæн адджын, хистæртæн уарзон кæстæр, кæстæртæн цæстуарзон хистæр, бинонтæн та сæ цæугæ мæсыг, кæмæй фæзæгъынц, ахæм ирон лæг Золойты Викторы фырт Алыксандр.

Алыксандрыл кæд æстайæм аз цыдис, уæддæр æм йæ бирæ хиуæттæ æмæ зонгæтæ дзырдтой йæ æрыгон ном "Алик"-æй.

Æрыгонæй дигорайаг сидзæр лæппу (йæ фыд Виктор нал сыздæхт тохы быдырæй) рахаста æнæзивæг æмæ спортмæ курдиатджын уæвыны миниуджытæ. Дзæуджыхъæуы ахуыр кæнын куы райдыдта, уæд фæцалх ис хъæбысæй хæцыныл, æмæ цыбыр рæстæгмæ уæгъдибар æмæ классикон хъæбысхæстæй ссис Уæрæсе æмæ ССР-ы Цæдисы уæлахиздзау æрыгæтты (18 азы онг) 'хсæн. Сæххæст кодта хъæбысхæсты дыууæ хуызæй Советон Цæдисы спорты мастеры домæнтæ.

Аликмæ æнхъæлмæ кастысты, куыд фидæны дунеон чемпионатты архайæгмæ, фæлæ йæ спортивон фæндаг æнæнхъæлæджы фæцыбыр, æмæ уæд кусын райдыдта тренерæй, фыццаг Спортивон æхсæнад "Фæллойадон резервтæ"-йы, уый фæстæ та Хæххон хъæууонхæдзарадон институты.

Дыууæ раны дæр йæхи равдыста æнтыстджын кусæгæй. Йæ разамындæй йæ дыууæ командæйы дæр систы Советон Цæдисы 1-аг бынат бацахсджытæ сæ спортивон æхсæнæдты 'хсæн.



Золойты Алыксандрыл йæ хъомылгæнинæгтæ уыдысты тынг æнувыд. Уый йæхæдæг фæсивæды уарзта хи хъæбултау æмæ сæ арæзта царды раст фæндагыл.

Уый тыххæй йæхæдæг дзырдта: "Мæнæн мæ царды спорт уыдис пайдайы хос. Уымæй бузныг дæн мæ тренертæ: Вараздат Григорян, Томайты Хасан æмæ Дзгойты Аслæнбегæй. Уыдонæй æз райстон бирæ зонындзинæдтæ.

Иннæ ахæм нæ зындгонд, уæды таурæгъон богæлттæ Хъуылаты Бази, Дзарасаты Саукуыдз æмæ иннæтæ. Уыдон махыл, кæстæртыл, куыд аудыдтой, уый уыд бирæйы аргъ, æмæ æз дæр уыдонмæ гæсгæ тырныдтон мæ хъомылгæнинæгты æгъдауыл аразынмæ.

Йæ кæддæры ахуыргæнинæгтæй иу, Уæрæсейы сгуыхт тренер Тедеты Малик зæгъы: "Мах уыдыстæм хъæууонхæдзарадон институты студенттæ, Алик та уыд нæ командæйы сæргълæууæг, æмæ нын уыд тынг хорз тренер.

Уæдæ, иннæ ахæмæй та, кæстæртæм уыд тынг лæмбынæг. Искуы уæвгæйæ, уый æнæ мах йæ дзыхмæ къæбæр никуы систа. Мах æй бирæ уарзтам æмæ йæ разамындæй бирæ ерысты уыдыстæм уæлахиздзаутæ. Алик ныр кæд цардæй ацыдис, уæддæр мыггагмæ махæн, йæ кæддæры ахуыргæнинæгтæн, нæ зæрдæты баззад йæ рухс сурæт. Уырны нæ, ахæм сыгъдæгзæрдæ адæймæгтæн мæрдты Барастыр дзæнæтон бынат кæй саккаг кæндзæн, уый".

Алыксандр йæ фæстæ ныууагъта хæрзæгъдау кæстæртæ æмæ кæстæрты кæстæртæ. Гуырысхойаг нæу, уыдон сæ уарзон дадайы рухс ном кадимæ кæй хæсдзысты, уый!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**


**ПРОДАЕМ**
**чистый, просеянный**
**чернозем в мешках.**
**Доставка.**
**ТЕЛ.:**
**8-928-856-90-89;**
**8-928-856-90-83 (Руслан).**



Номыры радгæс редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Салхъазанты Светлæнæ — 25-94-09, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3784.
Заказ № 196.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**